



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FÒS LÒD ETA NEW YORK LA FÈMEN PLIZYÈ  
SANTÈM VITRIN MAGAZEN ILISIT, SA KI LAKOZ YON OGMANTASYON NAN  
VANT POU DETAYAN LEGAL YO**

***Ajans Eta yo fèmen 114 magazen depi lè lansman Gwoup Travay sou Aplikasyon  
Lwa Kanabis la; otorite lokal yo, ki enkli Vil New York, rapòte yon lòt 400 fèm  
akòz nouvo lwa Gouvènè Hochul te siyen***

***Detayan legal nan zòn aplikasyon lwa yo te rapòte yon ogmantasyon 27 pousan  
nan lavant soti nan premye semèn me rive nan premye semèn jen, prèske sèt fwa  
pi wo pase done mwa anvan yo***

***Ajans aplikasyon lwa Eta yo rapòte plis pase 29 milyon dola pou pwodwi ilegal yo  
te sezi***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke nan 3 semèn sèlman, Gwoup Travay sou Aplikasyon Lwa Kanabis Eta New York la te fèmen plis pase 100 vitrin magazen ilegal atravè eta a. Angajman Eta a pou fèmen vitrin magazen kanabis sa yo san lisans te kontribye dirèkteman nan yon ogmantasyon 27 pousan nan lavant legal kanabis nan zòn ki afekte nan aktivite aplikasyon lwa Gwoup Travay la.

"Nou pran angajman pou konstwi mache kanabis ki pi solid, ki pi ekitab nan nasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou avanse objektif sa a, nou te pwomèt pou n akselere fèmte vitrin magazen kanabis san lisans yo, epi mwen isit la jodi a pou m di: n ap fè li."

**Direktè Egzekitif Enterimè Biwo Jesyon Kanabis Felicia A. B. Reid, te deklare,** "Risk ak danje ke kanabis san lisans poze pou kominote nou yo ak kanabis ki gen lisans se pa yon ti bagay. Yo menase pou defèt travay enkwayab New York te fè pou santre ekite, kreye travay, epi asire entegrite pwodwi yo pandan mache kanabis la ap grandi. Se gras ak devouman manm Gwoup Travay la ke New York ap fè pwogrè remakab nan fèmen magazen ilegal yo. Enèji Gouvènè a ak konsantreasyon sou fè travay sa a te enpòtan anpil pou siksè li, epi mwen bat bravo pou tout moun k ap travay di nan ekip aplikasyon lwa pou angajman enkwayab yo nan efò sa a."

**Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare,** "Gwoup Travay sou Aplikasyon Lwa Kanabis Eta New York la se yon efò enpòtan nan tout eta a epi nou kontinye travay kole ak Biwo Jesyon Kanabis ak lòt patnè ajans eta nou yo nan objektif pou fèmen lavant kanabis nan magazen ilegal yo epi deranje apwovizyonman pa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak pou bay resous ki nesèsè pou fè efò sa a vin yon siksè."

**Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Pandan twò lontan, magazen kanabis ilegal yo te kontribye nan bay enpresyon ke tout bagay ka fèt nan lari nou yo, men pa gen bagay konsa ankò. Apre nou te travay avèk Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Albany pou bay minisipalite lokal yo pouvwa nou te bezwen pou elimine aktivite ilegal sa a, nou te lanse 'Operasyon Kadna pou Pwoteje' (Padlock to Protect Operation), ki deja bay rezilta sansasyonèl. Nan sèlman kèk semèn, nou te fèmen prèske 400 magazen ki vann atik pou fimèn, sezi 13.3 milyon dola nan pwodwi ilegal, epi enpoze plis pase 30 milyon dola nan amann ak penalite. Travay nou an pral pwoteje timoun yo, kenbe lari nou yo an sekirite, epi kontribye nan mache legal k ap pwospere ke New York merite a."

Nan mwa avril, Gouvènè Hochul [te devwale](#) nouvo inisyativ pou mete fen ak operasyon kanabis ilegal yo epi pwoteje mache legal la nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 ki te adopte a. Plan bay Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak minisipalite lokal yo nouvo otorite pou pran mezi kont magazen ilegal ak moun ki pèmèt yo. Inisyativ yo se seri politik ki pi solid yo te adopte jiskaprezan pou atake mache kanabis ilegal la.

Nan dat 21 me, Gouvènè Hochul [te lanse](#) Gwoup Travay pou Aplikasyon Lwa Kanabis la. Gwoup Travay la, ki te dirije pa Premye Siprentandan Adjwen Lapolis Eta a, se yon gwo efò nan tout eta a pou kowòdone anplwaye nan plizyè ajans pou konbat mache ilegal kanabis la. Atravè kolaborasyon ant Lapolis Eta a, OCM, lapolis lokal yo ak lòt ajans Eta yo, Gwoup Travay la ekipe pou atake tout aktivite ilegal kanabis yo. Gwoup Travay la deja ap travay tou ak pwopriyetè yo pou degèpi dispansè ilegal yo, epi travay pou penalize pwopriyetè ki pa pran dispozisyon pou mete lokatè yo deyò apre yo fin fè yo konnen yo ap opere ilegalman.

Angajman Eta a pou fèmen vitrin magazen kanabis sa yo san lisans te gen yon enpak dirèk sou endistri kanabis legal la. Depi 21 me, lè Gwoup Travay la te lanse, 114 magazen kanabis ilegal te fèmen. Anplis de sa, OCM fè rapò ke yo te sezi sibstans ilegal ki gen yon valè 29,306,247 dola nan magazen sa yo epi lavant legal kanabis yo ogmante 27 pousan depi me pou magazen ki toupre kote ki fèmen yo.

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Antanke yon gwo defansè pou lavant kanabis legal ak reglemante, mwen felisite Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay sou Aplikasyon Lwa Kanabis Eta New York la pou efò dilijan yo fè nan fèmen vitrin magazen ilegal yo. Pandan n ap avanse inisyativ sa a, mwen pran angajman pou m wè efò aplikasyon lwa sa yo elaji nan gwo vil tankou New Rochelle, ak nan tout eta a. Magazen sa yo ap vann pwodwi ki pa reglemante, ki pa kontwole ki reprezante yon gwo risk pou kominote a. Aksyon sa a non sèlman pwoteje kominote nou yo, men tou ranfòse mache

legal la. Nou pran angajman pou asire yon endistri kanabis ki jis e ki an sekirite nan New York, e mezi aplikasyon lwa sa yo se yon etap enpòtan nan direksyon sa a."

**Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare,** "Nan bidjè ane sa a, nou te franchi gwo etap nan etabli yon mache kanabis jis ak ekitab nan eta New York. Biznis ki angaje nan lavant kanabis ilegal non sèlman sabote mache kanabis legal la, men tou mete sante ak sekirite kominote nou yo an danje. Nou te franchi etap enpòtan nan kenbe biznis sa yo ki pa gen etik responsab epi pwoteje byennèt kominote nou yo. Lè yo pèmèt revokasyon lisans pou biznis ki enplike nan lavant kanabis ilegal, epi kreye pi gwo kapasite pou lokalite yo fèmen etablisman ki dezobeyi lalwa a, sa pral ranfòse aplikasyon lwa kanabis New York yo epi asire yon nivo egalite pou tout biznis yo", deklarasyon Senatè Jamaal T. Bailey, "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li sou sijè enpòtan sa a, ak lidè lejislatif nou yo Lidè Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Carl Heastie, ansanm ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou sipò yo."

**Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare,** "Pwoliferasyon boutik ilegal nan kominote nou an te konplètman inakseptab, sa ki poze yon pwoblèm sante ak sekirite piblik. Ane sa a nou te bay lokalite yo ak Biwo Jesyon Kanabis la plis otorite pou kadnase boutik ilegal yo, ak yon seri amann pou premye ofans yo. Yo t ap tann chanjman sa a depi lontan epi mwen kontan paske kòm rezilta fòs lòd lokal yo te kapab fèmen yo avèk efikasite."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Jodi a make yon viktwa enpòtan pou Eta New York pandan n ap pran mezi desizif kont operasyon kanabis ilegal yo. Fèmti magazen ilegal sa yo esansyèl pou pwoteje sante piblik la, sipòte biznis lejitim yo, ak kenbe konfyans sitwayen nou yo nan kad legal nou te etabli a. Mwen fyè dèske m te travay avèk Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena Stewart-Cousins ak kòlèg Sena a pou fèmen operatè ilegal sa yo."

**Manm Asanble John Zaccaro, Jr., te deklare,** "Fèmi kowòdone plizyè santèn vitrin Kanabis ilegal se yon temwayaj pou ankouraje yon mache jis, reglemante ak an sekirite nan New York. Pwogrè enpòtan sa a pa t kapab fèt san lidèchip Gouvènè Hochul, Polis Eta New York, ak Biwo Jesyon Kanabis la. Apwòch nan tout nivo gouvènman an sa a ogmante lavant legal, pwoteje kominote nou yo ak leve moun ki pi afekte pa Lagè sou Dwòg la. Pandan n ap selebre siksè jodi a, nou rete konsantre sou operasyon kanabis ilegal ki pral asire siksè ak entegrite mache legal kanabis eta nou an."

**Manm Asanble Catalina Cruz te deklare,** "Ajans eta ak vil k ap travay ansanm pou fèmen magazen ki vann kanabis ilegalman se ak sa gouvènman an ta dwe sanble. Anons jodi a demontre angajman Gouvènè a pou elimine yon mache ilegal epi ede nou kenbe kominote nou an an sekirite. Objektif MRTA a se te asire yon mache kanabis ki an sekirite k ap pwospere pou Nouyòkè yo, yon fason pou korije mal istorik yo te komèt kont kominote Nwa ak Mawon yo. Epi alòske New York kounye a ap trase chemen an nan bivo nasyonal nan dispansè legal ke moun ki gen koulè posede, gen anpil travay pou nou fè anvan nou ka vrèman reyalize objektif ekite sosyal nou an. Mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a ak patnè nou yo nan gouvènman eta ak vil la pou

garanti sante ak sekirite vwazen mwen yo epi etabli konplètman yon endistri k ap pwospere ki vrèman ankouraje Nouyòkè Nwa ak Mawon yo"

**Manm Asanble a Kenny Burgos, te deklare,** "Bravo pou Gouvènè Hochul ak Gwoup Travay la pou represyon yo kont operasyon kanabis ilegal sa yo. Aksyon desizif sa a ankouraje kwasans mache legal nou an epi li defann antreprenè lejitim ki gen lisans k ap fasone endistri k ap grandi sa a. Nou ap kiltive yon peyizaj kanabis ki jis, solid nan New York—yon temwayaj sou sa yon règleman solid, ekitab ka reyalize."

**Manm Asanble Landon Dais te deklare,** "Fèmte magazen kanabis ilegal yo se yon etap nesèsè pou pwoteje kominote nou yo kont pwodwi kanabis ki pa an sekirite epi ki pa teste. Fèmte yo tou bay pwoteksyon pou boutik legal nou yo, espesyalman moun ki gen lisans ekite sosyal nou yo. Nou dwe kontinye ekspansyon lisans ekite sosyal nou yo, epi asire yo ap anboche moun ki soti nan kominote ki afekte nan lagè kont dwòg la."

**Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare,** "Anons Gouvènè Hochul sou nouvo lidèchip pou Biwo Jesyon Kanabis la se yon etap enpòtan nan abòde pwopagasyon magazen Kanabis ilegal yo epi ede konstwi yon endistri Kanabis ekitab. Bronx se te youn nan konte ki pi frape pa lagè kont dwòg la epi li enpòtan pou nou elaji chemen pou kominote nou yo antre nan endistri kanabis la. Lè nou fè sa, nou vize ankouraje kwasans ekonomik epi asire aksè jis ak opòtinite nan endistri kanabis la pou tout kominote nou yo."

**Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare,** "Mezi ki te adopte nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la pou asire yon mache kanabis legal solid se rezilta kolaborasyon efikas ant kòlèg parèy mwen yo nan lejislati a, Biwo Gouvènè a, Biwo Majistra Vil New York la, ak plizyè douzèn defansè. Magazen ki pa gen lisans yo ap elwanye objektif nou genyen pou yon mache sosyalman ekitab kote pwopriyetè biznis responsab yo ka pwospere. Nou deja wè benefis ki soti nan bay Biwo Jesyon Kanabis ak fòs lòd eta ak lokal kapasite pou fèmen boutik ki pa gen lisans, ak lavant ki soti nan lavant kanabis legal ki ogmante 27 pousan nan sèlman kèk semèn. Mezi sa yo pral pèmèt ti biznis ak anpil biznis ke minorite ak fanm posede gen opòtinite pou yo vann kanabis legalman ak responsab epi kreye travay nan kominote nou yo."

OCM angaje nan vizyon Gouvènè a sou yon mache kanabis ekitab epi li rapòte ke pwogram Ekite Sosyal ak Ekonomik (Social and Economic Equity, SEE) la kontinye ankouraje enklizivite ak opòtinite nan endistri a. Kounye a, 54 pousan nan nouvo aplikan yo se kandida SEE. Repatisyon an gen ladan 39 pousan biznis ki posede pa minorite, 39 pousan biznis ki posede pa fanm, 9 pousan biznis ki posede pa veteran ki andikape nan kad sèvis yo, 8 pousan kiltivatè ki gen pwoblèm, ak 6 pousan kominote ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl (communities disproportionately impacted, CDI), sa ki mete aksan sou nati divèsifye ak enklizif nan peyizaj kanabis k ap evolye nan New York la. Pwogrè dinamik sa a demontre devouman san fay Eta pou kreye yon endistri kanabis ki jis, ekitab epi k ap pwospere Eta New York.

Jiska dat OCM te ouvri 135 dispansè legal atravè eta a. Klike [isit la](#) pou w wè lis dispansè ki gen lisans k ap vann pwodwi kanabis kiltivatè NY yo kiltive epi ki sibi tès, ki anbale, epi ki gen etikèt dapre sistèm ki reglemante nan Eta New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)